

Preparasyon pou siklòn pou moun ki te viktim k ap viv nan lokalabri pwovizwa FEMA yo

FEMA te fè lokalabri pwovizwa ki ka deplase yo (TTHU) pou pote yon solisyon nan zafèabri pwovizwa ki fyab e ki an sekirite, men tankou tout lòt fòm lojman, siklòn ak lòt fenomèn meteyowolojik yo riske kraze TTHU FEMA yo.

Danje a

- Sezon siklòn yo ap kòmanse 1^{ye} jen.
- Siklòn yo vrèman danje paske yo pa ka prevwa yo. Byenke, an jeneral, yo toujou vini avèk gwo lapli ak gwo van, yo ka pwovoke tònad ak inondasyon.
- Siklòn yo pa sèlman yon pwoblèm ki konsène zòn bò lanmè yo. Lapli, van, dlo e menm tònad kapab fèt byen lwen jis anndan tè a, kote yon siklòn oswa yon tanpèt twopikal frappe tè a.

Sizoka ta gen Siklòn

- [Yon lokalabri pwovizwa pa yon kote ki an sekirite pou yon siklòn. Kite lojman kote w ye a, menmsi yo poko bay lòd pou deplase.](#)
- Si yo prevwa yon siklòn, kontinye tande alèt meteyo yo epi suiv tout lòd otorite lokal yo bay pou deplase.
- Itilize radyo meteyo a pou siveye lòd pou deplase yo.
- Si otorite lokal yo ta rekòmande pou moun k ap viv nan kay yo fabrike yo pou yo jwenn yonabri ki pi solid, deplase tousuit.
- Prevwa ase pwovizyon pou moun lakay ou, sa gen ladan medikaman, pwodui dezenfektan ak pwovizyon pou animal domestik yo nan sak vwayaj ou oswa nan kòf machin ou. Apre yon siklòn, ou ka pa ka jwenn materyèl sa yo pandan plizyè jou oubyen menm plizyè semèn.
- Pa janm alabrite w nan yon kay ki mobil oswa nan yon inite lojman yo fabrike.



FEMA

Page 1 of 3

Sizoka ta gen Tònad

- Si nan zòn kote w ye a yo bay alèt pou tònad, deplase lojman an tousuit.
- Al pran refij ou nan etaj ki pi ba nan yon kay ki solid oswa nan yon abri ki kont tanpèt, pa rete pre fenèt yo.

- 1. 1. 1. 1. ta gen Inondasyon
- Si gen risk pou gen inondasyon nan zòn kote w ye a, kontwole sitiyasyon an grasa radyo meteyo oswa medya lokal yo.
- Sonje inondasyon kapab rive sanzatann. Si yo bay yon avètisman inondasyon sanzatann, deplase tousuit epi ale nan yon zòn ki pi wo.
- Si w gen tan, mete tout bagay ki enpòtan yo sou etajè ki pi wo yo. Dekonekte aparèy elektrik yo, men pa fè sa lè w mouye oswa lè w kanpe nan dlo.
- Pandan w ap deplase, pa eseye mache oswa kondui nan zòn ki inonde yo. Sis pous dlo ka fè w tonbe epi inonde anpil machin ki solid oswa ki gen yon gwosè mwayen. Yon pye dlo ka fè anpil machin flote. De pye dlo ka pote menm kamyon ak SUV yo.
- Pinga kite animal domestik yo dèyè TTHU yo.

Ak ki sa moun k ap viv nan abri pwovizwa FEMA yo ka atann yo, Anvan, Pandan ak Apre yon Siklòn.

Moun k ap viv nan abri pwovizwa FEMA yo pa dwe kondane fenèt yo, deplase abri a, oswa modifye abri yo nan nenpòt ki fason. Si responsab lokal pou jesyon ijans yo mande pou deplase, moun yo dwe pran **sèlman** bagay ki pou yo.

- FEMA vrèman ankouraje moun ki aplike yo pou yo enskri nan yon asirans pou lokatè pandan tan y ap pase nan abri FEMA a.
- Moun ki aplike pou lokal abri pwovizwa nan FEMA yo dwe devlope pwòp plan evakyasyon ak kominikasyon pou ijans pa yo. Ou dwe deplase tousuit akòz yon siklòn si w ap viv nan yon zòn pou moun deplase. Chèche konnen nan ki wout w ap pase pou w deplase anvan w vin nan nesesite pou w sèvi avèk yo.
- Moun k ap viv nan lokal abri pwovizwa FEMA yo dwe toujou suiv enstriksyon pou deplase responsab pou jesyon ijans lokal oswa nan eta yo bay. Moun ki pa gen posibilite pou yo deplase kapab kontakte responsab lokal pou jesyon ijans yo a, oswa yo kapab rele nan 211 pou ede yo ak bezwen yo genyen pou



FEMA

transpò.

- Pa kite animal domestik ou a nan yon lojman yo frabrike oswa nan yon abri ki ka deplase lè tan an vrèman move.
- Si lojman kote yon moun ap viv domaje, yo ankouraje yo pou yo kontakte asistans sosyal yo a pou yo konnen si yo kapab retounen lakay yo, oswa yo ka rele liy asistans FEMA a nan 800-621-3362. Moun k ap itilize yon sèvis relè tankou yon videyofòn dwe bay FEMA nouvo nimewo espesifik yo genyen ki asosye ak sèvis sa a.

Enfòmasyon Anplis

- Lòt teknik pou diminye risk fenomèn meteyowolojik vyolan yo disponib nan www.ready.gov.
- Kontakte responsab lokal yo pou jwenn enfòmasyon lokal yo ak wout pou deplase yo. Kowòdone yo disponib sou entènèt nan www.gohsep.la.gov/about/parishpa



FEMA